Нохчийн Республикан Правительствон школе дахаза долчу берийн дешаран Комитет
Пачхьалкхан бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени
«Гуьмсе г1алара «Берийн беш № 5 «Хадижа»

# Проект
# «Ларбийр бу вайн ненан мотт, оъздангалла – лардийр ду вайн къам»



*Кхетош-кхиорхо: Баг1ийн к1ентан 1умаран йо1 Разет*
*Ишколана кечамбаран тобанчуьра кхиархошица*

**Оханан бутт, 2022 шо**

# Проект кхочушйаран план:

**Оршот – 11.04.2022 шо**

1. Нохчийн фольклор йовзийтар
2. Каде ловзар «Куьлланех», «Чурнех»
3. Дайшца-наношца дагадовлар «Доьзалехь ненан мотт бийцар»

**Шинара – 12.04.2022 шо**

1. Х1етал – металш алар
2. Чехкааларш
3. Дагардарш

**Кхаара – 13.04.2022 шо**

1. Кицанаш
2. Байташ
3. Шира иллеш, эшарш

**Еара– 14.04.2022 шо**

1. Туьйранаш
2. Йиллина заняти «Сан доьзал»
3. Мастер – класс «Нохчийн меттан хазалла»

**П1ераска – 15.04.2022 шо**

1. Кхетош - кхиорхошца къамел дар «Бовза беза ненан мотт!»
2. Каде ловзарш «Лечкъаргех», «Ану баби г1езаш ю»
3. Дай – наной гулбар, царна т1едахкарш

# Аннотаци

**Проектан ц1е:** «Ларбийр бу вайн ненан мотт, оьздангалла – лардийр ду вайн къам»
**1аморан область:** къамел кхиор
**Декъашхой:** ишколазхой, хан 6 шо

## 1алашо:

- ненан матте шовкъ кхоллар, цуьнца йолу уьйр-марзо ч1аг1йар, цуьнан йистйоцу хазалла, бухбоцу маь1на довзийтар;
- нохчийн къоман г1иллакхашка, ламасташка болу лерам совбаккхар.

## Хьесапаш:

- берийн къамел кхиор, нохчийн къоман хаза г1иллакхаш довзийтар;
- шен къоман мехкан сий лардан лаам кхиор;
- нохчийн халкъан барта кхоллараллa йовзийтар;
- берийн дайн-нанойн тидам ненан маттана т1ебахийтар.

**Сурт х1оттор:**

Мотт вайн ойланан а, кхетаман а, хьекъалан а, дахаран а уггаре ца хилча йиш йоцу г1ирс бу. Иза хьекъалан а, ойланан а хазна ю. Х1ора халкъан ненан мотт – цуьнан дахаран хазна ю. Ненан мотт х1ора къоман а, х1ора халкъан а культурин бух бу. Иза к1орггера дика 1амор вайн деккхар ду.

**Дог1анан дешнаш:** культура, ламасташ, кхоллараллa.

**Автор:** Багаева Р.У.

*«Нохчийн мотт уггар а хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь».*

*(Л. Н. Толстой)*



# Маь1налла

Ненан мотт - нохчийн мотт! Х1ун хир ду дуьненахь хьол мерза, деза? Дуьненахь уггаре бакхийчу тамашех цхьаъ адаман мотт бу. Адам кхидолчу дийнатех къасточу билгалонех коьртаниг а мотт бу. Ма - дарра аьлча, адамах адам дийриг а адаман мотт бу.

Дуьненахь дехачу х1ора къомана а шен мотт белла Дала. Шен ненан маттаца кхуьуш ю къоман культура, литература, искусство. Ала деза, къоман уггаре еза а, уггаре сийлахь а хазна ю оцу къоман мотт. Буьйцучу маттаца бен цхьа а х1ума дийца йиш яц вайн, цхьана а х1уманах лаьцна х1умма а ала а, дийца а адамийн таро хир яцара, буьйцуш болу аьзнийн мотт ца хилча. Мотт - иза къоман са, адамаллин куьзга ду, массо х1уманан а бух бу. Цуьнца доьзна ду халкъан дерриге а дахар: уьйраш, болх, гергарло, хазахетар, халахетар, сий, яхь, хьекъал, кхетам. Халкъан кица дало лаьа суна кхузахь: Мотт бу - къам ду, мотт бац - къам дац. Сецна бакъ ду, мотт вай лар ца бахь, цуьнан сий ца дахь, вайн къоман сий дужур ду.

# Чолхе хьал

- кхиархойн  ненан маттахь къамел кхачам боцуш хилар;
- кхиархошна нохчийн къоман ламасташ, г1иллакх
- оьздангалла к1еззиг девзаш хилар;
- кхиархойн  нохчийн  халкъан  барта  кхолларалла йовзар г1ийла хилар;
- кхиархошна шалха элпаш ца аладалар;
- кхиархойн къамелан меже кхуьуш ца хилар.

## 1алашо:

- ненан матте шовкъ кхоллар, цуьнца йолу уьйр-марзо ч1аг1йар, цуьнан йистйоцу хазалла, бухбоцу маь1на довзийтар;
- нохчийн къоман г1иллакххашка, ламасташка болу лерам совбакккхар.

## Хьесапаш:

- берийн къамел кхиор, нохчийн къоман хаза г1иллакххаш довзийтар;
- шен къоман мехкан сий лардан лаам кхиор;
- нохчийн халкъан барта кхоллаpалла йовзийтар;
- берийн дайн-нанойн тидам ненан маттана т1ебахийтар.

***Проектан тайпа: довзаран***, *кхоллараллин*
***Проектан йохалла:*** *йоццачу хенан (к1ира)*
***Декъашхойн терахь:*** *тобанан*
***Проектан декъашхой:*** *кхиархой, кхетош-кхиорхо, дай-наной*



**Проектан кхоъ мур бу:**

1. Кечамбаран мур
2. Коьрта мур
3. Ерзоран мур

*Эдилов Салавдис ма аллара, цуьнан дешнашна т1едоьг1на: «ЛОВЗУШ 1ЕМА» - аьлла, ловзаран куьцехь д1аяьхьира аса сайн проект.*



# Хиларе сатуьйсу:

- ненан мотт шарбаларе, дош нийса алар тодаларе;
- кхиархойн ладог1ар, х1ума довза лаар алсамдаларе;
- ненан мотт, дайн г1иллакхаш довзаро дуьненах болу кхетам шорбаре;
- нохчийн къоман ловзарика, иллешка,туьйранашка, барта кхолларалле болу безам ч1аг1баларе;
- **кхиархойн къамелан меже шар1аларе.**

*Иштта, ненан мотт кхиоран хьокъехь, д1адаьхьира тайп-тайпана ловзарш (каде ловзарш, х1етал-металш,чехкааларш, дагардарш, кицанаш, байташ, иллеш, эшарш, туьйранаш ишта д1а кхин а)*

*Царех цхьадерш:*



*Каде ловзарш: «Куьлланех», «Чурнех», «Лечкъаргех», «Ану баби г1езаш ю».*

*1алашо: боламийн уьйраш кхиор, дег1ан могашалла тойар, ч1аг1йар, ненан мотт шарбар.*



# Х1етал-металш:

1. Ша шайх а вац, маж а ю (Бож)
2. Хин йистера баьццара бохча (Пхьид)

1алашо: берийн къамел кхиор, ойла а, хьекъал - кхетам а кхиор.



# Чехкаалариш:

1. Букъ к1айн къиг, мукъ буткъа урс.
2. Со герша чохь ча чу ца герша, ча герша чохь со чу ца герша.

1алашо: кхиархойн къамелан меже кхиор,мотт шарбар.



# Дагардарш:

«Дум, дум бишшари», «Х1еч1и – беч1и», «Суьйре, суьйре - садайна»

1алашо: берийн дошам шордар, мотт шарбар.



# Кицанаш

1.Дикачу г1иллакхо лайх эла вина, вуочу амало элах лай вина.

2. Къиг т1ееача, къиг а г1отту хьала.

3. Нехан махкахь эла хуьлучул, шен эвлахь лай хилар тоьлу.

1алашо: къоман дахаран хазна, куц, кеп довзийтар.



# *Байташ:*

*«Ненан мотт», «Къонах»*

*1алашо: нохчийн къоман литература йовза, йеша лаам кхиор, берийн дозуш долу къамел кхиор.*




# Иллеш, эшарш

1алашо: нохчийн къоман иллешка, эшаршка болу безам совбаккхар, кхиархойн ойла нохчийн культурина т1ейахийтар.





# Туьйранаш:

«Бабин Ч1ирдиг», «Исбаьхьа йо1», «Газа – гуьзалг». 1алашо: кхиархойн халкъан барта кхоллаpалле безам кхиор, туьйранашка шовкъ кхоллар.



## Берашца д1аяьхьира йиллина заняти «Сан доьзал»

1алашонаш:

- доьзалх лаьцна кхиархойн кхетам кхиор;
- кицанийн, ловзарийн г1оьнца кхиархойн къамел кхиор;
- доьзале, дега – нене, гергарчаьрга болу безам ч1аг1бар;
- доьзалехь воккхачуьнан а, жимачуьнан а лерам бан 1амор.





*Ненан мотт кхиорехь сайна хуург, хенан йохалла зеделларг довзуьйтуш, белхан накъосташца а д1абаьхьира болх.*

*Мастер - класс «Нохчийн меттан хазалла»*

*1алашо: кхетош - кхиорхойн нохчийн маттах долу хаарш стамдар.*






# Къамел дар

## «Бовза беза ненан мотт!»



# Дагалацаран кехаташ декъар

(дагардарш, чехкааларш, кицанаш, х1етал - металш)





*Ишколазхой кхиорехь коьрта декъашхой бу берийн дай-наной. Дайшна-наношна т1едиллира берашна ц1ахь туьйранаш дийцар, байташ 1амор, бер д1адижош аганан йиш лаккхар. Гулам а бина, дагалацаран кехаташ дийкъира.*





*Нохчийн маттах, нохчийн маттахь…*

*«Мерзачу озаца сан амал 1ехош, нанас со хьистинарг нохчийн мотт бу…»*

*А. С. Джунаидов*

Сайн проект йерзош ала лаьа, х1ора доьзалехь нохчийн мотт бийцаре терра бен, цуьнан сий - пусар даре терра бен, вайн къоман г1иллакхаш, дика 1адаташ, оьздангалла, халкъан ламасташ, къоман истори ларлур яц вайна.

Дуьне мел лаьтта, вайн къоман хаза г1иллакхаш, 1адаташ, ламасташ массо а къаьмнашна довзуьйтуш, кхуьуш, хазлуш, доттаг1аллин, гергарлонийн, уьйрийн мотт хилла, бехийла вайн нохчийн мотт!

## Пайда эцна литература:

1. «Сан къоман хазна»
2. «Берийн беш» газеташ
3. «Стела1ад» журналаш
4. «Нохчийн фольклор»
5. «Орга» журнал

*Ладог1арна баркалла!!!*